Нобэ илъэси 187-рэ ирокъу Хьэшыр Чылар япэ дыдэу Іуащхьэмахуэ зэрыдэкІрэ

ФИФИ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№140 (23.298) ● 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 21, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий зи щхьэ Іуэхуклэ къекІуэлІахэм яхуэзащ

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Правительствэм и Унэм дыгуасэ щахуэзащ республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэм я лЫкІуэхэу лъэпкъ литературэм, зэрыщыту гъэсэныгъэм зегъэужьыным пыщІа социальнэ программэхэр гъэзэщІэным хуэгъэзауэ дэІэпыкъунигъэ иратыну щІэлъэІуахэм.

Абыхэм къыхалъхьа Іуэхухэм я нэхъыбапІэр потребительскэ кооперацэм иІэ зэфІэкІыр нэсу къэгъэсэбэпыным, сабий куэд зиІэ унагъуэхэм ящыщ зым, апхуэдэу цІыху ныкъуэдыкъуэхэм ядэІэпыкъуным хуэгъэзат.

ЛъэІуахэм ящыщ дэтхэнэри дагъэкІыным хуэгъэзауэ КъБР-м и Правительствэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органу зыхуэфащэхэм кьалэн пыухыкІахэр хуагъэуващ.

Илъэсым и пэщІэдзэ лъандзрэ республикэм и Іэтащхьэм лъэІу зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ зыхуагъэзащ Къбэрдей-Балъкъэрым щІепсэухэм ящыщу цІыхуи 133-м.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Инвестицэхэмрэ хьэрычэт Іуэхумкіэ щыІэ советым, Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м къыдигъэкІа Указ №49-УГ-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхуклэ

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Инвестицэхэмрэ хьэрычэт Іуэхумкіэ щыІэ советым, «Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Инвестицэхэмрэ хьэрычэт Іуэхумкіэ щыІэ советым теухуауэ» Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м къыдигъэкІа Указ №49-УГ-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы хэгъэхьэн Войтов А. И. - «Іуэху щызэрахьэ Урысей» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІхэм ящыщыр.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м
№82-УГ

Гидрометаллургием и Іуэхущ Іапі э Прохладнэ щІыналъэм щызэтрагъэувэнущ

Иджырей технологиехэр и лъабжьэу гидрометаллургиемкІэ Іэнатіэщіэ Прохладнэ районым щыухуэнымкІэ лэжьакІуэ гупым я зэІущІэ иджыблагъэ щрагъэкІуэкІащ КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм.

РЕСПУБЛИКЭМ Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм, Прохладнэ кьалэ округымрэ Прохладнэ муниципальнэ районымрэ я щІыналъэ администрацэхэм, «Гидрометаллург» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам, Прохладнэ кьалэ округым и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр зыхэта зэІущІэм щытепсэлъыхьащ предприятэщІэр ухуэнымкІэ лэжьыгъэхэр ягъэува планым тету зэрекІуэкІым.

Іуэху нэхъыщыщым теухуауэ доклад ищІащ Къбэрдей-Балъкъэр вольфрам-молибден компаниемрэ техническэ унафэщІ Попов А. Абы къыхигъэщхьэхуКІащ экологическэ шынагъуэншагъэ зэхъэгъэпэщыным пыщІа Іуэхухэр. А кьалэныр нэсу яхудэгъэкІынущ мы зэманым дуней псом щынэхъыфІу кьалъытэ технологиехэр кьыхэзрагъэсэбэпынум къыхэкІыу.

ЗэІущІэм хэтахэр тепсэлъыхьащ инвестицэ проектыр гъэзэщІэным пыщІа лэжьыгъэхэр и зэманым егъэкІуэкІым. Апхуэдэу гулъытэ хуащІащ Іуэхущ Іапі э-щІэм щылэжьэну Іэщ Іагъэлі ыкъмрэ рабочэхэмрэ гъэхьэзырым. «Гидрометаллург» зэгухьэныгъэм и лЫкІуэхэм жаІащ рабочэ Іэщ Іагъэхэм ирилэжьэнуэр кьалэмрэ щІыналъэмрэ щыІэ профессиональнэ еджапІэхэм щагъэхьэзырмэ нэхъ тэмэму къыхэзрагъэлытэр. Зыхуеину Іэщ Іагъэлі ыкър гъэхьэзырыныкІэ акционер зэгухьэныгъэм и лэжьакІуэхэр дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуфынущ Прохладнэ кьалэм дэт технологическэ колледжымрэ Учебнэ кьалэм щыІэ техникумымрэ. А псоми ятеухуауэ «Гидрометаллург» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам зыхуэфащэ зэгурыІуэныгъэхэр Прохладнэ кьалэ округымрэ Прохладнэ муниципальнэ районымрэ я щІыналъэ администрацэхэм мыгувэу ярищ Ы лІэнущ.

Хьэзыр хьуа иужь мы предприятэм цІыху 450-м щІигъу щылэжьэнущ.

КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэ.

«Фэтэр куэд хъууэ Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэ унэхэм яхиубыдэ мылъку зэхэлъыр капитальнэу зэгъэпэщ ыжыныр егъэкІуэкІыным и Іуэхуклэ» Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Фэтэр куэд хъууэ Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щыІэ унэхэм яхиубыдэ мылъку зэхэлъыр капитальнэу зэгъэпэщ ыжыныр егъэкІуэкІым и Іуэхуклэ» Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ.

2. А Законыр Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэзахьын Іэ щІидзын икІи цІыхуэхэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м
№523-П-П

«Іуэхущ Іапі эхэм я пыдзахуэхэмрэ унагъуэ кІэрыхубжьэрыхуэхэмрэ я Іуэхуклэ» Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Іуэхущ Іапі эхэм я пыдзахуэхэмрэ унагъуэ кІэрыхубжьэрыхуэхэмрэ я Іуэхуклэ» Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ.

2. А Законыр Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэзахьын Іэ щІидзын икІи цІыхуэхэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м
№525-П-П



Япэ урысей альпинист, адыгэлІ щэджащэ Хьэшыр Чылар и сурэтыр Кастромин Михаил ищІащ.

БАЛЭ Хьэзрэт-Алий

Гъуэгугъэлъагъуэ

Альпинисту ар щытакъым,
Бгы дэкІыну имыІуэхут.
Хамэщ І цІыхуэхр, къыщелъэІум,
Гъуэгугъэлъагъуэ ар яхуохъу.

Іуащхьэмахуэ ныдишыну,
Абы ахэр ирешажьэ.

Ауэ бгыщхьэм нэс дэкІыну,
ЗылъэкІар езым и закъуэщ.

Пшэ зэпщІахэм къахуеплъыхьу,
Бгым и щыгум зыщилпльыхьт,
АдыгэлІым, игу къэмыкІыу,
Къыхуихьауэ лъэпкъым щІыхь.

● Пенсэ фондым къет

Нэхъ тынш мэхъу

Анэ мылъкум щыщу зэ тыгъуэу сом мин 25-рэ е абы щыщу къэнэжа сом мин 25-рэ иримыкъу ахъшэр къыхэпхын папщІэ Урысейм и Пенсэ фондым и pfrf.ru электрон сайтым уи лъэІу тхылъ иплъхьэн хуейуэ араш. Иджы апхуэдэ лъэІу тхылъ Іуэхущ Іапі эм умыкьыми хъунущ. Зэрытлъагъущи, Урысейм и Пенсэ фондым цІыхуэхэм электрон ІэмалхэмкІэ яхуищІэ Іуэхутхьэбзэхэм хегъахьуэ.

АНЭ мылъкум щыщ ахъшэр кьащтэфынущ апхуэдэ сертификат зрата (е анэ мылъку сертификатыр 2016 гъэм фокІадэм и 30-м нэсыху зратыну) икІи а мылъку псори зыхуахьа мурадхэмкІэ кьэзымыгъэсэбэпа унагъуэ псоми. Зи гугъу тщІы ахъшэр кьратыну лъаІуэ хъунущ сертификат зиІэхэу УФ-м и щІыналъэм щыпсэухэр. ЛъэІур 2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м нэхъ мынэхъ кІасэу ятын хуейщ. Абы кьыщагъэлъагъуэ анэм хухах ахъшэм и сертификатым и сериемрэ и номерымрэ, счетым и реквизитхэр икІи мазитІым кьриубыдэу ахъшэр яІэрохьэ.

Урысейм и Пенсэ фондыр зи гугъу тщІы сертификатхэр зиІэхэм йолъэІу мылъкур здагъэкІуэну банк реквизитхэр тэмэму тха хъуамэ елпъыну. Банк счетыр МСК сертификатыр зейм и цІэкІэ щыпхъэщ. Электрон теплъэ зиІэ лъэІур сертификатыр кьезыта ПФР-м и щІыналъэ къудамэм хуагъэхьын хуейщ.

Фигу кьыдогъэкІыж ПФР-м электрон теплъэ иІэу цІыхуэхэм яхуищІэ Іуэхутхьэбзэ псори Пенсэ фондым и pfrf.ru электрон сайтым зэрыщызэхуэхьэсар. ЦІыхуэхэм нэхъ тынш щащІын папщІэ, сайтым ихьэгъуафІэ ящІащ. ПФР-м зэрызыхуагъазэхэр электрон теплъэкІэ хуащІын папщІэ кьэрал Іуэхутхьэбзэхэм я порталым (gosuslugi.ru) учетым щыувын хуейщ. ЦІыхуэр порталым щытхамэ, езым и логинымрэ паролымрэ кьигъэсэбэпын хуейщ. Мы Іуэхур тынш щащІын папщІэ Урысейм и Пенсэ фондым и Іуэхущ Іапі э кьэдым и Іэщ Іагъэлі эхэм кьаГъэлъагъуэ кьэрал Іуэхутхьэбзэхэм я порталым и сайтым ахэр зэрыщытхар.

Урысейм и Пенсэ фондым зи гугъу тщІы сертификатхэр зиІэхэм чэнджэщ ярет анэ мылъкум щыщ сом мин 25-рэ зэуэ зыІэрагъэхьэн е абы щыщу кьэна ахъшэу сом мин 25-рэ иримыкъуэ ахъшэхэр папщІэ электрон Іэмалкіэ лъэІуэр яГъэхьыну. Нэхъапэм ПФР-мрэ МФЦ-мрэ я Іуэхущ Іапі эхэм чэзуэр щызэтрихьэу щытащ. Иджы щыгъуазэ фызыхуэтщІа Іуэхухэм щхьэкІэ абыхэм фыщІэкІуэн щыІэжкъым.

УАРДЭ Жансурэт.

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм хьыбар зэрыдигъэщІамкІэ, дызыхуэкІуэ мазэм «Си хъуэпсапІэхэм я лъахэ» къэралпсо щІыуэпс Іуэхугъуэм щІедзэ.

АКЦЭМ хыхьэу, тщыщ дэтхэнэми кьыдэгъэщІылІа Іэгъуэблагъэр зэпльыих кьудей мыхьу, абы ирырагъэхьэлІа концертхэм, мастер-классхэм, щІыуэпсым теухуа дерсхэм, нэгъуэщІхэми кІуэ хъунущ.

● Щ Іыуэпс

«Си хъуэпсапІэхэм я лъахэ»

Министерствэм ди республикэм ис цІыхуэхэр кьыхуреджэ зи гугъу ищІ Іуэхугъуэм щхьэж зэрыхуэзэфІэкІыу хэтыну.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Бельгием и лъэпкъ гуфІэгъуэшхуэщ - къэралым и махуэ нэхъ лъапІэ дыдэщ. 1831 гъэм екІуэкІа хэхьыныгъэхэм щытекІуэри, пащтыхьыгъуэр Іэщ Іыхьащ Леопольд І. А махуэм тохуэ Бельгием и щхьэхуитынныгъэм теухуа декларацэмрэ и конституцэмрэ кьыщащтар.

♦1613 гъэм Урысейм и пащтыхь хъуащ Романов Михаил Фёдор и кьуэр. Романовхэ ящыщу араш пащтыхь тахътэм япэу ятІысхьар.

♦1774 гъэм Урысеймрэ Тыркумрэ Кючук-Кайнарджий мамырыгъэ зэгурыІуэныгъэр зэращ Ы лІащ, 1768 - 1774 гъэхэм а къэралитІым ирагъэкІуэкІа зэуэр зэриухам и щыхьэту.

♦1829 гъэм адыгэлІ Хьэшыр Чылар япэ дыдэу Іуащхьэмахуэ и щыгум кьуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ дэкІащ.

♦1906 гъэм Урысейм и правительствэм и унафэщІу яГъэуващ мэкъумэш Іэнатіэм щригъэкІуэкІа зэхъуэкІыныгъэхэмкІэ цІэрыІуэ хъуа Столыпин Пётр.

♦1917 гъэм Урысей правительствэм и унафэщІ хъуащ Керенский Александр.

♦1941 гъэм нэмыцэ кхъухьлъатэхэр Москва япэу щхьэщыхьэри лагъымэхр щрадзыхащ.

♦1969 гъэм Америкэм щыщ астронавтхэу Армстронг Нилрэ Олдрин Эдвиндрэ «Аполлон-11» кьухьхьаи икІри, дуней псом апхуэдэ кьыщымыхьауэ, Маззм теуващ.

♦1994 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал гербэр, Къэрал гимныр кьащтащ.

♦Ди эрэм и пэкІэ 356 гъэм кьалъуащ дзэзешэ цІэрыІуэ, Македние къэрал лъэрызехьэм и кьызэгъэпэщ ыкІуэ икІи и пащтых Македонский Александр.

♦Америкэ тхакІуэ, Нобель саугъэтым и лауреат **Хемингуэй Эрнест** кьызэралъхьэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Куржы уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Брегвадзе Нани** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, драматург, актёр **Задорнов Михаил** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щ Ы щытынущ, уэшх тІэкІу кьыщ Ы щынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 20 щ Ы хъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Фадэр зи ныбжьэгъум жып гъуанэ щІэтщ.

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщІэзрагъэпэщ цІыкІуэм я узыншагъэр егъэфІэкІуэным тележьэ Іуэхущ Іапі эу 40-м щІигъум. Япэ сменэм къриубыдэу абыхэм еджакІуэ 3335-рэ щыІащ. ЕтІуанэ сменэм зызыгъэпсэхунухэр тІэкІу нэхъ машІэщ - миниц иримыкъущ. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, социальнэ политикэмкІэ, уэзыншагъэр хъумэнымкІэ и комиссэм и зэІущІэм къыщыщыпсалъэм апхуэдэ бжьыгъэхэр кьихьащ КъБР-м Лэжьыгъэмкіэ, цІыхуэхэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм унагъуэмрэ сабийхэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыныкІэ и къудамэм и унафэщІ Шаваев ТІэхьир.

АБы зэрыжиІамкІэ, унагъуэ хуэмыщІахэм я сабийхэм путёвкэхэр пщІэншэу ират. Псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейуэ кьалытам щІигъу хэхъуэ зиІэ унагъуэхэм зыгъэпсэхуп І э лагерхэм я путёвкэхэм я уасэм и процент 15-р, санаторэхэм я путёвкэхэм я уасэм и проценти 10-р кьыІахьу аращ.

Гъэмахуэм и япэ мазэм ди сабийхэм узыншагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ Іапі эу 40-м, школхэм кьыщыгъэрагъэпэща лагеру 29-м, кьалэ щІыбхэм щыІэ лагеру 11-м зыщагъэпсэхуащ. Ахэр кьызэІуахын ипэкІэ лъэныкъуэ псомкІи тКийуэ кьапщытащ. Іуэхущ Іапі э псори кьыщызэІуахар кьэпщытакІуэ органхэм - Роспотребнадзорым, мафІэсхэр кьэмыгъэхъунымкІэ инспекцэм, терроризм пэщІэтынымкІэ комиссэм, нэгъуэщІхэми зыхуэфащэ тхьилъхэм І э щІадза нэужьщ. А псоми гулъытэ нэхъыщхьэр зыхуаунэтІар сабийхэм шынагъуэ кьатемыгъэхьэнырщ, абыхэм я узыншагъэр гъэбыдэнымкІэ зыхуэфащэ псори зэфІэгъэкІынырщ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм сабийхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етынымрэ лъхуГъэхэмрэ я Іуэхуклэ и къудамэм и унафэщІ Щ Ы джэн Юлие зэрыжиІамкІэ, сабий лагерь псори егъэбыдылІащ ахэр щылажьэ щ Ы налъэхэм щІэ медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм. Сабийхэмрэ абыхэм зыщагъэпсэху Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэмрэ я узыншагъэр пщІэншэу кьапщытащ.

Школхэм къыщызэрагъэпэща лагерхэм я лэжьакІэм тепсэлъыхьащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуклэмкіэ и министерствэм сабийхэм щІэныгъэ гуэдзэн егъэгъуэтыныгъэ зиІэ Іуэхуклэмкіэ и кьудамэм и унафэщІ Касьяновэ Татьянэ. А лагерхэм папщІэ КъБР-м сом мелуани 4-рэ мин 609-рэ кьиуТыпщащ. Школхэм къыщызэрагъэпэща лагерхэр ныкъусаныгъэншэу лэжьащ. ЦІыкІуэхэр хуагъэсащ дунеяплъэ щ Ы кІуэкІэ, зыщагъэпскІкІэ зытетын хуей мардзэхэм, гъуэгухэм зэрыщызэкІуэ хабзэхэм. Лагерхэм спорт зэхьэзхуэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыщызэрагъэпэщащ, кружок щхьэхуэхэр щылэжьащ.

Абыхэм кьадэкІуэу КъБР-м щ Ы щ сабийуэ «Артек» центр цІэрыІуэм 47-рэ ягъэкІуащ. Къэгъэлъэгъуапхъэщ абыхэм ящ Ы щ 20-м загъэпсэхун папщІэ квотэхэр лейуэ ди республикэм зэрыухахар. Мы махуэхэм кьриубыдэу аргуэру Къэбэрдей-Балъкъэрым икІынрэ «Орленок» сабий центрым цІыху 20 кІуэнущ.

Комиссэм и зэІущІэм кьыщІэтащ сабийхэм гъэмахуэм зезыгъэгъэпсэхунухэр къыщыхахкІэ Федеральнэ закон №444-ФЗ-м къыгъэувхэр кьагъэсэбэпурэ сату зэпеуэхэр кьызэрызэрагъэпэщым и Іуэхур. Шаваев ТІэхьир зэрыжиІамкІэ, мы законыр апхуэдэ мурадхэмкІэ къэбгъэсэбэп хьунукъым. Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр кьызэзыгъэпэщыпхъэр а Іуэхум сыт и лъэныкъуэкІи хуэхьэзыр икІи лэжьэну хуит зэращ Ы лІмкІэ актхэр зрата Іуэхущ Іапі эхэрщ. Ахэрщ мы лэжьыгъэр егъэкІуэкІынымкІэ зэпеуэн хуейри.

Докладхэм кьыщагъэлъэгъуахэм япкъ иткІэ комиссэм и зэІущІэм кьыщащтащ зыхуэфащэ чэнджэщхэр.

НЭГЪУЩІ Линэ.

● Гъэмахуэ-2016

КъБР-м зыщызыгъэпсэхуа сабийхэм я бжыгъэр минихым ноблагъэ

● Іуэхутхъэбзэхэм я фІагъыр

Зэрызыхуагъаззэм кІэроху

КъБР-м экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис иригэкІуокІащ 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м УФ-м и Президентым къыдигъэкІа указэхэр гъэзэщІэнымкІэ ІэнатІэхэм здай лэжьакІуэ гупхэм я зи чэзу зэІущІэр. Абы щыІэзэрахащ ящэ мазихым зэфІэгъэкІа хъуахэр.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ Тещыхьэ Бадзэрдей-Балъкъэрым и къэрал власти и гъэзэщІакІуэ къудамэхэм, къалэ округхэмрэ муниципальнэ щыналъхэхэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ я органхэм я лІыкІуэхэр.

«ПІалъэ кІыхьым тещыхьа къэрал экономикэ политикэм и Іуэхукіэ» УФ-м и Президентым и Указ №596-е республикэм зэрыщагъэзащІэм Рахаев Борис зэпкърыхуэу кьытеувыІащ. Абы къыхэзгъэльэгъуамкІэ, мазихым къриубыдэу промышленностым и ІэнатІэхэм я Іадакъэщіэкіэу щэхуакІуэхэм хурагъэщащ, лэжьыгъэрэ Іуэхутхъэбзэу зэфІагъэкІащ сом мелард 18,3-рэ и уасэ е нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ процент 91,6-рэ. Промышленностым къыщІигъэкІым и индексыр процент 92-рэ мэхъу.

Пэублэу къыхэзрабжамкІэ, зекІуэ уасэхэм ятещІыхьауэ, мэкъумэшхэкІыу сом меларди 10,2-рэ и уасэ е илъэс кІуам и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ процент 2,4-кІэ нэхьыбэ кьалэжьащ.

Хуэныгъэу сом меларди 2,9-рэ и уасэ ирагъэкІуэкІащ. Ар нэгъабэ и ящэ мазихым якуэдФІэкІам процент 3-кІэ щІегъу.

КъыхэкІыпІэ псоми я хьэкъкІэ, инвестицэу сом меларди 7,2-рэ е илъэс кІуам и апхуэдэ зэманым ельытауэ процент 16-кІэ нэхьыбэ мыльку нэхъыщІыхьэ халъхьащ. Ар куэдкІэ и фІыгъэщ инвестицэ проектхэр гъэзэщІэным щытыкІэфІ кьызэрыхуэзрагъэпэщым.

Экономикэм и ІэнатІэ зэмылІужьныгъуэхэм щагъэзащІэ е щагъэзэщІэну я мурад инвестицэ проект нэхъ инхэм ящыщу 60-р ягъэлелджыпащ. Псори зэхэту абыхэм сом мелард 250-м щигъу хуоз. ІэнатІэщІэу мин 16-м нэблагъэ къызэІуахынущ.

Мы зэманым ягъэзащІэ инвестицэ проектхэм ящыщу кьыхэбгъэщхьухькІ хъунущ:

«Урысей-СНГ Фарма Интернейшинал компание» ООО-м хущхъуэ ІэтащІэ лІэужьныгъуэхэр щагъэхьэзыр, дляэкІ мазэ кьэс флакон мелуан 2,65-м нэблагъэ кьыщІагъэкІыну я мурадщ. Проектыр и кІэм нагъэсэ, продукцэу ягъэхьэзырым хуэдитІкІэ хэхъуэнущ, иджыри щыхуищэм лэжьыгъэ яхуетынущ. Мы махуэхэм ІэнатІэр зэтраухуэ, ар зэрауТІыпщІынм хуагъэхьэзыр.

Гъуэлгъуэм елэжь «Налшык вольт лъагэ Іэмэпсымэ завод» ОАО-м хъарзынэу зеужь. Абы илъэсым сом мелуан 400-м нэблагъэ и уасэ продукцэ кьыщІигъэкІыну щогугъ.

Метан щІыуэпс газ кьуэар автомобилхэм щрагъахьэу компрессор станцэр (АГНКС) ягъэхьэзыр. А ІэнатІэм илъэсым сом мелуан 65-рэ и уасэ продукцэ кьыщІигъэкІынущ.

«Къэрал Іуэху зехьэкІэр егъэфІэкІуэным и унэтІныныгъэ нэхъыщІхьэхэм я Іуэхукіэ» УФ-м и Президентым и Указ №601-р гъэзэщІэным хуэунэтІауэ лэжьыгъэ ящІыну ирагъэкІуэкІ. Къэрал, муниципальнэ Іуэхутхъэбзэхэр зэуІуу щагъэзащІэ центрым (МФЦ) щыізэфІагъэкІэрэ хэту, къэрал (муниципальнэ) Іуэхутхъэбзэхэр щІыхуэм зэрыхуэщІэм и фІагъыр Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс кьэс кьыщатщыгъ. Нэгъабэ зыдэлэжьахэм я процент 91-р арэзы ящІащ. Ар зытращІыхьауэ щытам нэхъыр зы проценткІэ нэхъыбэщ. Къэрал Іуэхутхъэбзэхэм я фІагъыр кьызэралъытэ федеральнэ хъыбарегъащІэ-аналитикэ системэм (ИАС МКГУ) кьалэн куэд зыгъэзащІэ центрым автоматизированнэу зэблигъэкІ хъыбархэр щызэрыІуэныр нэгъабэ зэфІэкІащ. Мазих кІуам абы Іэрыхьа оценкэ 13155-м я процент 97,96-м арэзы техьуащ.

Мы зэманым республикэм МФЦ-уэ 11 щолажьэ, жылагъуи 145-м кьудамэ «пхыдзахэр» жьхуаІэхэр кьыщызэІуахащ. Ящэ илъэс ныкъуэм кьриубыдэу МФЦ-м и ІэщагъэлІхэм Іуэхутхъэбзэ мин 220-м нэблагъэ ягъэзэщІащ. Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елЫытмэ, хуэдитІым нэскІэ а бжьыгъэм хэхъущ.

МФЦ-хэм щызэфІагъэкІэрэ хэту, щыпсэу щІыпІэхэм къэрал, муниципальнэ Іуэхутхъэбзэхэр зы щІыпІэм деж щызэхуэзфІагъэкІыр процент 90-м и пІкІэ 93-м нэсащ.

Къэрал, муниципальнэ Іуэхутхъэбзэм 196-рэ электрон Іэмалым хуагъэкІуащ, муниципальнэ щІыналъхэмрэ кьуажэхэмрэ ятеухуа хьыбархэр зэуІуу щызэхуахьэс центру (ЕСИА) 110-рэ МФЦ-м и хэщІапІэм кьыщызэІуахащ. КьищынэмыщІауэ, республикэм и ефажапІэ нэхъыщхьэхэмрэ КъБР-м и Пенсэ фондымрэ а щІыкІэм тету щыхуэхэр щатх.

Къэрал, муниципальнэ Іуэхутхъэбзэхэр щызэгъэуІуа Зыуэ щыт порталымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Узынышагъэр хьулэныкІэ, ПэжьыгъэмкІэ, Щыхуэхэр ІэнатІэкіэ кьызэрэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэхэм я хьыбарегъащІэ системэхэмкІэ хуэдэ, муниципальнэ Іуэхутхъэбзэхэр ящэ мазихым электрон Іэмалкіэ кьэзыгъэсэбэпахэр процент 48-рэ мэхъу.

Къэрал (муниципальнэ) Іуэхутхъэбзэхэм я фІагъыр зыхуэдэм теухуауэ нэгъабэ ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэм кьызэрагъэльэгъуамкІэ, бизнес зэгуэхэныгъэм щыщхэм хъэрычэт лэжьыгъэм ехьэлІауэ къэрал е муниципальнэ власти и органым ику иту зэрызыхуагъаззэм кІэрыхуащ, зэрагуГъам хуэдэуи, ахэр зэрыхьуар тІыщ.

МФЦ-м, щІыпІэ пхыдзахэм я зэфІэкІым зэрыхагъахьуэм, Іуэхутхъэбзэхэр электрон Іэмалымрэ электрон чэзум и Іэпсыкьімрэ зэрыхуагъакІуэм кьыхэкІыу, щІыхуэр дакьикъэ 15-кІэ зыпагъэплъэн хуей мэхъу. Ар зытращІыхьам кьоТІасэ.

Указым щыгъэбелджылахэр ягъэзэщІэн мурадкІэ, а Іуэхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызэхэщІыжьыну щІыкІэр 2014 гъэм къащтащ. Мазих кІуам къриубыдэу пщалъэ-хабзэ актхэм я проект 39-м зыхуэфащэ оценкэ иратащ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

Гундэлэныр зэщІагъэкъабзэ

Гундэлэн къуажэм лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ ар зэщІагъэкъабзэным теухуауэ.

КЪУАЖЖМ дэт курыт еджапІэ №4-м и Іэгъуэблагъэм щракІут пхъэнкІийм джабэ нэкІур фаджэ ищІауэ зэманкІэ къекІуэкІащ. Апхуэдэ кьабзэу кІэрыхуэбжьэрыху Іэпстылыпіэ ящІат къуажэм дэж псы ІэрыщІэм и Іуфитіыр. Кьуажэ администрацэм и унафэм щІэту мы махуэхэм а щІыпІэхэр зэщІагъэкъабзащ.

«Гундэлэным сыт щыгъуи кьабзагъэм тхІийуэ щыІэкІэльэплъ, арщхьэкІэ кьуажэдэсхэм кьахокІ хабзэм ебакьуэхэр. Абыхэм захуэдгъэзэри делсэпсЫ, икІи ягурыдгъэІуэуащ, дяпэкІэ унагъуэ псоми пхъэнкІий дэзышхэм я Іуэхутхъэбзэр щагъэсэбэпын зэрыхуейр. Мыбыхэм тхъэмахуэм щэнейрэ кьуажэдэсхэм я пхъэнкІийр даш, мазэм хуэзэу абы щІатыр сомі 100 кьудейщ. Дауэ мыхъуми, жылагъуэм ущрихьэлІэжьырыкІ щІыуэпсымкІэ щынагъуэ пхъэнкІий зэхуэхьэсыпІэхэм. ПхъэнкІий дашыр жьжьэ Іуашри ягъэс е тракторкІэ щІавэ, щІыхуми Іэщми зэран яхуэмыхъуэ хуэщу.

Гундэлэндэсхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным теухуауэ нэгъуэщІ Іуэхуэхэр фІахыну я мурадщ: курыт ЩкІ №2-мрэ спорт Іэжьущ Іапі Іэмрэ еКІуалІэ гъуэгуэм щІэуэ асфальт тралъхьэнщ, зыхуей хуагъэзэнущ мэкъу щеуэ бгы лъапэхэмрэ джабэхэмрэ дэкІ гъуэгуэхри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхьэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Абы дегъэпІейтей

Хэт къыкІэлъыкІуэр?

Блэкіа тхьэмахуэ зэхуакум и кІэр шынагъуэу щытащ: махуэ ІуІым къриубыдэу къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щІыхуэ 379-рэ щыхэкІуэдащ, фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр щагъуэтащ 1654-м.

ЖЭЩИТІКІЭ щІыхуэхэр гузавэу кІэлъыплъащ Ниццэ, иужькІэ Анкарарэ Истамбылрэ щекІуэкІахэм. Ещанэ махуэм «Іуэхум» хихьащ Ереван, итІанэ лъы щагъэжащ Къэзахъстанми.

Сыт щахуэзрымыгъэгуэшыр мы дуней хуитым? Абы и щхьэусыгъуэхэр хуабжьу зэмылІэужьыгъуэщ ауэ, икІи-икІэжьм, жэуапу пхуэтыр зыщ: США-ми Европэми къагурыІуэну игъуэ хъуащ ди зэманым и къару нэхъ нэджэщІудж дыдэм - терроризмэм - Урысейр ямыгъусэу зэрыпэмылъэщІынур. Пэжщ, абы щхьэкІэ апхуэдизу куэдрэ щІэгупсысэн щхьэусыгуэуз щыІакъым - ар икъукІэ нэрылъагурыт.

Къэхъуахэр кІэщІу фигу къэдгъэкІыжьынщи: махуэку кІуам и жэщыкъм (Москва зэманымкІэ) Франдзым и кьалэ дахащІэ Ниццэ и тенджыз Іуфэм зыщыщІэрпсэхуахэм яхэлъэдащ хьэлъэшэ хужь (рулыр зыІыгъам морожнэ ишэ хуэдэу жиІэри, гъуэгур хуит хуащІащ). Хьэлъэшэм щІыхуэхэр зэхипІытІу хуэжьащ. Апхуэдэу кІуащ километритІкІэ. Къэхъуар кьызыгурымыІуэ щІыхуэхэм къэрэхъурэм хуэдэу ирищІыкІыт. Автомобилым иса щІыхуэхэр дыхьэшхыуэрэ кІэрахъуэкІэ яхэуэрт лъэныкъуэ зезыгъэзыну хущІэкъуэхэм. Хабзэхъумэхэм я мыгувэу яукІащ бзаджэнаджэр. Ар Тунисым къыщалъхуауэ Ниццэ щыпсэу Бухлель Мухьэммэдэ къыщІэкІащ. Бынищ зиІэ а щІыхуэхэр и унагъуэм яхэсыжтэкъым.

Франдзым къыщыхьэар апхуэдизкІэ зыпэмыпІьати, уеблэмэ уи нэгу къыщІэбгъэхьэну гугъут. Хэт атІэ а бзаджэнаджагъэр зи Іэужьыр? Фэри кьэфщІагъэнщ: «Ислъам къэралыгъуэ зыфІэзыщыжьа гупырщ». Хэкіуэдахэм яхэтащ Урысейм и щІыхуэхэр.

Зы махуэ дэкІри, Анкара нэхъ щынагъуэж къыщыхъуащ. ТелевизоркІэ къагъэльагъуэрт Анкара Іэщэхэмкіэ зэрыщыщэхэуэр, уэгум итт кхъуэльатэхэр, зыкъэзыІэта зауэлІхэм Истамбыл щызэхуащІат Босфор тельъ лъэмыжкэр. ЗыкъэзыІэтахэм я танкэр мыгувэу ебгъэрыкІыащ Истамбыл Ататюрк и Іэр зэрихьэу щыІэ аэропортым. Тыркум и къэрал телевиденэм лэжьэн щигъэтащ. Штаб нэхъыщІэхэм ящІащ дзэм властыр зэрыІэрыхьэр. ЗыгъэпсахуакІуэ щыІэ президент Эрдоган и Іуэхур зытетым теухуауэ къатхэр зэтехуэрэтэкъым. Ауэ абы къызэфІэкІащ Анкарарэ Истамбылрэ щыпсэурэ. ГъэщІэгъэнущ, ауэ мыбдеж Эрдоган япэ дыдэу кьыжьэдэкІащ къэхъуам США-р хэпщІауэ къызэрыльытэр. Абы Америкэм щыпсэу, Тыркум щыщ дин лэжьакІуэ Гюлен Феттухлэх игъэкъуэншащ властыр къарукІэ трыригъэзэну. Зэ еплъыгъуэкІэ, Тыркум апхуэдэ къыщыхьэну зыми и пщІыхьэпІэ къыхэмыкъуэ хуэдэт. Ящрауэ, Эрдоган хунафэщІ тКІийуэ зыкъиІэльэгъуат. ЕтІуанэрауэ, къэралым щытыкІэ тэмэм щыІэ хуэдэт. Эрдоган текІуащ. ЗыкъэзыІэтахэр ягъэтІысащ, ящэщыкІэ яубэрэжьри. Абыхэм я бжьыгъэр мини 6-м щІигъуу жаІэ.

Мыри гу зылъытапхъэщ: Анкара и Іэтащхьэм жиІащ властыр тезыдзыну хущІэкъуэхэм Урысейм и СУ-24 кьуэкьлъатэр къезыудыха кхъуэльатэзехуэр, Гюлен и зэгухьэныгъэм щыщыр, зэрахэтар.

Арщхьэкіэ, Іуэхур иджыри зэфІэкІа хуэдэкъым. Тыркум и флотым и унафэщІыр зэрыс кхъуэльар щыкъэзыІэтахэм иджыри къэс яІыгъащ.

Зэрытлъагъущи, тэмэм хъужу хуежьа урысейтырку зэхущытыкІэхэмм мы къэхъуам я зэран кьэкІащ. Ди ГъунэгъуІ къэралым и курортхэм зыщызэгъэпсэху урысей щІыхуэхэм шынагъуэр щхьэщахынырщ иджыпсту псори зэгупсысащ.

Арщхьэкіэ, УФ-м и Президент Путин Владимир Эрдоган зэрыдиІыгъар щыкьэт техьэуэу кьыщІэкІынущ ди къэралхэм я зэхущытыкІэхэр зэрефІэкІуэжьым. Абы дэ, адыгэхэм, ди дежкІэ псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иІэщ, Сирием кьыщыхъуэхэми хуэздэу: Тыркур ди льэпкъгъуэр нэхъыбэ дыдэу щыпсэу щІыпІэщ икІи абыхэм яхудиІэ пыщІэныгъэхэр сыт и лъэныкъуэкІи ельытащ ди къэралхэр зэрызэхущытым.

СССР-м хэтахэм я дежи Іуэхур щыщІагъуэкъым. Зи ГъунэгъуІ тщІы махуэхэм я ещанэм Армением и кьалащхьэ Еревани хуабжьу щызэрызэхьащ. Псоми яхузэрымыгъэгуэшыр властыр.

Бадзэуэгуэм и 17-м, пщэдджыжьыр сыхьэти 10-м нэблагъэуэ, Іэщэкіэ зэщІэуэзда гупым Ереван къэрал кІуэцІ дзэхэмрэ полицэмрэ я унэр яубыдащ. Абыхэм къагъэуващ властхэм яхуэмыкІ Сефилян Жирайр хуит къащІыжыну. Шэджагъуэ нэужьым бронетранспортёрхэр къэхІуащ, арщхьэкіэ зыкъэзыІэтахэм затын ядакъым. Зэрызекъуэм зы полицей хэкІуэдащ, плІыр уІэгъэ щыхуащ. ЩытыкІэр абы нобэр кьыздэсым щыщІагъуэкъым.

ИкІэм-икІэжьым Къэзахъстаным апхуэдэ дыда хьыбар кьикІащ. Алма-Ата кьалэм блыщхьэм и пщэдджыжьыр шынагъуэу щыщытащ. ІуэхущІапІэхэмрэ тыкунэхэмрэ зэхуащІжащ. Щыхуэхэр сабий садхэм зэрыхьащ я бынхэр ящэжыну.

Сыт атІэ къэхъуар? Сыхьэт 11-м нэблэгъуэу зыгуэр полицэм и Іуэхущ1апІэм щыхьэщ, бжэм и гъунэгъуу щытым автоматыр кьытрихри щІэпхъуэжащ. Полицейхэр абы кІэлъыпхъэращ. Зэхуэм полицейщэрэ автомобиль рулым Іуса щыхумрэ хэкІуэдащ. Иужьрейм и машинэр иубыдыну бандитыр хущІэкъуат, арщхьэкІэ ешыр яубыдащ. КъызэрыщІэкІамкІэ, ар, щІэпхъаджагъэ хьэлъэ зэрилэжьам къыхэкІыу, лъэхъуэщым иса щІыхуэхъуат.

Мы республикэм апхуэдэ бзаджэнаджагъэ нэхьапэхэми щалэжьащ. Псалъэм и хьэтыркІэ, иджыблагъэ Актобэ кьалэм (Актюбинскэ щытащ) апхуэдэ къыщыхъуащ. Псори зи Іэужьыр муслымымэхэр вахХабизмэм и Іуэху ди тешышэну хущІэкъуэхэр араугъэ жаІэ.

Зэрытлъагъущи, дунейр апхуэдэ хуащи, щІэпхъаджагъэхэр сыт хуэдэ кьэралми щалэжьыныкІэ шынагъуэ щыІэщ. Сыт щхьэкІэ? Абы и щхьэусыгъуэр зыхьэплъэгъуэнур зыщІэкІ: СССР-р лъэпъэжа иужь дунейр зи закъуэ «кьызыхуэна» США-м къилъытащ зыхуей псори иущІэ хьуну. НэгъуэщІу жыпІэмэ, дэтхэнэ къэралми я унафэщІхэр хуейм тригъэІу, хуейм тригъэкІ хъуну. Абы и щхьэхэтщ Ираклий, Ливием, Мысырым щекІуэкІахэр, иджы Сириер зыхэт бэлыхьыр. Ауэ езы США-ри егупсысын хуей мэхъу Іэрыщ1у кьыгъэхъуа «Ислъам къэралыгъуэм» и удынир езыми кьылъысынкІэ зэрыхъунур. Аращи, фІэфІ-фІэмыфІми, кьыхуэнэжыр терроризмэм и бий бэнэныгъэм Урысейр щыдиІыгъынырщ. Ярышламэ, зи гугъу тщІа къэралхэм кьыщыхуахэм ещхь нэгъуэщІ щІыналъхэмми кьыщыхьэнкІэ зэрыхъунуэ шэч хэлъкъым.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

● Іуэху еплъыкІэ

Дызыхуэкіуэр тщІэркъым

***Урысей политикэм кІуэ пэтми уи нэгу къыщІегъэуэ- вэ зи ныбжь хэкІуэтахэм, ауэ «зызытыну» хуэмейхэм я дуней тетыкІэр: льакъуэрыгъажэкІэ къэзыжьхьи нэгъуэщІ спорт лІэужьыгъуэхэр къэзыгъэсэбэпхэри яхэтщ, ауэ щІалэгъуэм кьыпхуеГьэгъэззжьнукъым. Фегупсысат: мыхьэнэшхуэ дыдэ зиІэ Іуэху къоблагъэ - Къэрал Думэм и депутатхэр захьинщ. Парт съездхэм ятеууэ хъыбархэр газетхэм тетщ. ПартыщІэхэр утыку къихьэну жаІэ. Кремлри ялэщІэуэвэну къыщІэкІынкъым: иужьрэщащ утыку имыкІэр. Ещ1ащ хьунущ Астаховым и щапхъэм тету: «Фыльжьащ. Феззшакъэ?»*

ЗЭХУЭСХЭМ зэрыщыжаІамкІэ, Думэм хэт лІыжьхэр хъарзынэу лэжьащ. ХабзэщІэ яГъэувахэм щІэи ГъуниІ яІэкъым. Апхуэдизкіэ гугъу зригъэхьати, щылэжьа иужьрей махуэм Федерацэмкіэ Советым закони 160-м мыхъур ятригъэуащ. А псори «Занщ1эу» политикэм хьэхэну, ди псэукІэр ефІэкІуэным и Гъэгугъэпэгъэуэу къыщІэкІыну уи гугъэнт. Арщхьэкіэ социологхэм ди жагъуэ къащІ: екІуэкІыну хэхьыныгъэхэм ди гъащІэм зрагъэхъуэжьным ущыгугъэныр щхьэгъэпцІэжщ... ГъэщІэгъэунщ: урысейкэм кьалъытэ «хэхьныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яІэу», ауэ Іыхьэ щанитІым быдэу я фІэщ мэхъу ахэр фэрыщІыгъэкІэ гъэнщІа бэнэныгъэ къудейуэ зэрыщыгъэнур: пэпльэрэкъым ди псэукІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зихъуэжьыным.

Бжьэхэр зэрызохьэ

Урысейкэр есэжащ Къэрал Думэр Іуэху жьгъейм зэрыдихьэхам. Хабзэ куэдыкІейкэр кьыщІРгъэдз: Кърымым мафІэс шынагъуэр щхьэщыхьным, телеканалхэм епльэр хэтми зэгъэщІынем, псэуалъэхэр хьэзыр зэрыхъуам егъэщІылІа тхьылъэтыным, «чэф иІэу кьэплъытэ хъунур зихуэдэм», н. к. теухуауэ. Ауэ а псори министрым и Іэ зыщІэлъ унафэ кьудейкІэ зэфІэкІынут.

Абы къегъэлъагъуэ депутатхэр ди гъащІэм щІэ гуэри кьызэмымылъхьэ Іуэхуэхэм зэрыдихьэхыр. Псалъэм и хьэтыркІэ, «Автомобилхэм гъэсыныпхъэ щрагъахьэу станцэм хущхъуэ щапІэхэр яІэн зэрыхуейм и Іуэхукіэ» яГъэува хабзэр. Апхуэдэурэ жьыжь укІуэфынущ! Пэжщ, Зюганов Геннадий дыкъигъэгугъащ щІэуэ хахьну Къэрал Думэр нэхъыфІыжу лэжьэну, ауэ занщІэу кьыхихьхьащ «Бжьэ гъэхъуным и Іуэхукіэ». Закон къащтэжу. Аращи, дяпэкІи бжьэ щыкІуэкІуэр вуунущ! Абы кьыхэкІыу бгъэщІагъуэ хъунукъым «АиФ»-м кьыхуэтхэхэр зэрыщІэупщІэр: «Сыт дэ, Путиныр щыдиІэкІэ, Къэрал Думэри Федерацэмкіэ Советри зэрытщІынур?»

Гъэмахуэщ. Депутатхэри хуейщ бдзэжьей ещэну. Емынэм ихь политикэр! Тельыджэщ иджыри кьэс «Шашлыкхэм я Іуэхукіэ» законыр къызэрамыщтар. Ауэ тфІэгугъныхь мэхъу Урысейр. Газетхэм дыкъыщІоджэ мэзэкэ мафІэм зэрисым, чэфу псым итхьэлъэм, Штирлиц пыжьыщІэхэр «Гелендваген»-хэмкІэ Москва и лъэс зекІуаплэхэм кьызэрыщащхьыхьым теухуа хъыбархэм. ИкІи, дауи, ящыгъупщэркъым Навальнэм зэхищІыхьэр, Ходорковскэм кьигупсис хьэгъэщагъэхэр... Хъарзынэщ, «сабийхэм я ныбжьэгъу» Астаховыр и кьулыкъым зэрытекІари: мыр политикэм зыгуэркІэ хуокІуэ.

Арщхьэкіэ газетхэм щыплъагъуркъым политик пажэхэм ди гъащІэм щІэ гуэркэр халъхьэну загъэхьэзыру. «Зыужьныгъэм и парт» щІэрыпсым ди политикэм и удэ гъэгъа мыгъуж Хакамадэ Иринэ щиригъэблагъэкІэ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысейр» Пьехэ Эдитэ ехьэдэІэпыкъуну щелъэІукІэ, кьытхуэнэжьыр уэрэдэжьитІэнырщ.

Къэрал Думэм хэтхэр мэгушІэ «Политикэм я сурэтхэр зэрытрадзэ щІыкІэм и Іуэхукіэ» зэхьэзыныр теухуауэ. Ахэр трамыдзэну къагъэув икІи а хабзэр кьызэплъыдыр терроризм щІэпхъаджагъэ зыплъэкъ агъуэгъэну кьыхахьэх. ГурыІуэгъуэщ: гугъу ехь депутатхэр хуейкъым я Іэжьыгъэ хьэлъэм кьыхэкІыу зэлъа я нэкІуэкъэ цІыхуэхэм ялъагъуну...

Нэхъ гугъу мэхъу

Дауи, жылпІэ хъунукъым зыкъигъэщІэрэщІэжьыным власти хуэщІэмыкъуу. Ди дежи мазэ кьэс щызэрахъуэжьі стратегие зыужьныгъэмкІэ советым хэтэр, мазэ кьэс щызэхьэхьэ кьэщІэрэщІэжьным щытепсэльыхь зэІущІэхэр. Политикэр Москвэрэ Питеррэ я зекъуэ ятещІыхьауэ кьыщамыгъэхъун папщІэ, жаІэ «Зыужьныгъэжэ я Іэжьыгъэхэр» зэхьэхьэжэ кьуажэ кьэс щрагъэкІуэкІыну я мураду.

Арщхьэкіэ умыгъэщІэгъэун пльэкІыркъым, апхуэдэ зэІущІэм хэтхэм пщэдей къэралым кьыщыхъунухэр кьаэзрыфІэмыІуэхур. Уасэхэм заІэтыну? Дауэ хьуну пенсэхэр? Хущхъуэхэр кьызэрытщэхун ахъшэ дгГъуэтыну? ЕджапІэ нэхъыщІхьэхэр кьэзыухахэм Іэнатіэ яІэну? Апхуэдэ упщІэхэр ягу кьэкІыхьхэркъым. Дэ Штольцхэмрэ Рябушинскэхэмрэ хуэдэхэр допІыт, дгъафІэхэр Обломовхэмрэ Безуховхэмрэщ.

«Лэжьэн» псалъэм и мыхьэнэр кІуэдащ. Мы зэманым Урысейм щынэхъыщхьэр «ахъшэ щыныщ», сыт хуэдэ Іэмалкіи. Аращ ди джэ ухуакІэжьм, пхъащІэжьм, нэгъуэщІ Іэщ1агъэлІхэм пщІэ щІыщамыІэжьр. Псори кьулыкъущІэ, банкир, депутат, артист хъыну хуейщ.

Социологхэм яфІэтелъыджащ: властри цІыхуэхэри псоми есэжащ. Псалъэм и хьэтыркІэ, дыгъуасэ Тыркур ди биямк, иджы Эрдоган Іэплі хуэтщІыну дыхьэзыщ. Ди гъащІэр нэхъ гугъу мэхъу, ауэ ди къэралым дрогушхэу. Сыту пІэрэ дызыхуэкІуэр?

КОСТИКОВ Вячеслав.
«Аргументы и факты»

● Африкэ

Африкэ Ипщэм щыІэ Викторие пскъэлъэр дунейм щынэхъ ин дыдэщ. Ар Замбиемрэ Зимбабвемрэ я кум дэтщ икІи абы метр 1800-рэ и бгъуэгъщ, метри 120-рэ и лъагагъщ. Абы щІыху куэд зыплъыхьакІуэ макІуэ.

● Тырку

Куэдрэ дызэныбжьэгъуну?

Политологхэм абы шэч хъытрахьэ

Тыркум декІужа хуэдэщ. Ауэ «хуэдэ» кьудейуэ къыщІэкІынущ: УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий жиІащ газым и «тырку унэтІыныгъэр» ухуэн щІадзэжьным утепсэльыхьыныр иджыри пасэІуэу.

ДУНЕЙПСО Іуэхуэхэмкіэ урысей советым хэт, Урысейм и лІыкІуэу Тыркум щыІа Стегний Пётр кьыхэкІэщащ кьэралитІым я зэхущытыкІэхэр зэтраухуэжьын ипэ кьиухуэу «хэІущІыІу ямыщІа лэжьыгъэшхуэ» зэрызэфІагъэкІар.

КІэщІу жыпІэмэ, Анкара «тобэ» кьызэрихьыжьну щІыкІэм ехьэлІа Іуэху псори щэхуу ягъэхъэзыращ. Урысеймрэ Тыркымрэ я дипломатхэм.

Апхуэдэу щыт пэтми, политолог куэдым хуагъэфащэ гъэмахуэ кьакІуэ кьэсхуу Урысеймрэ Тыркымрэ аргуэру зэщыхьэжьнкІэ хъуну.

«Тыркур нэхъ гъунэгъуу кьэкІуэтну? Сирием щыпсэу курдхэм ёгъэщыІа Іуэхуэхэмкіэ зэрызэгурымыІуэр лъэныкъуэ ирагъэзыфІыну? Пэжщ, зыгуэркІэ зэгъунэгъу хъужащ, арщхьэкіэ Тыркум итІани дельгъ Сирием щыІэ террорист зэгухьэныгъэхэу Москва ззэауэр. Сэ абы и лъэныкъуэкІэ ахэр зэпэгъунэгъу хъуауэ слъагъуркъым», - жеІэ политолог Куртов Аждар.

Апхуэдэуи шэч хьэтрахьэ я экономикэ зэдэлэжьэныгъэм зрагъэужьыныкІэ щыІэ Іэмалхэми. Куртов Аждар къеІльэтэ къыззэрагъэувІэ урыс-тырку проектхэр къэгъэщІэрэщІэжьным ди къэралыр епІэщІэкІын хуэмейуэ:

«Язныкъуэ проектхэм, къапщтэмэ, Аккую атом станцыр ухуэным ехьэлІам, щІэрыщІэу хэплъэкъ ящІ. А зэгурыІуэныгъэм мытэмэгагъэр хэтщ».

Куртовым и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, Урысеймрэ Тыркымрэ зэпэгъунэгъу хъужыным и гъэгур быркъуэшыркъуэу щытынущ, къэралитІри икІуэтыжьыфынущ. Иджыри зыри бенджэныкъым:

«Пэжщ, дэ дызэгъунэгъущ, арщхьэкіэ дызэгъунэгъу гугъуСыгъуэщ. Апхуэдэу къокІуэкІ лІэщІыгъуэкІэрэ икІи дэ дунейм щекІуэкІ Іуэху куэдыкІейхэмкіэ дызэтехуэркъым».

Урысей-тырку зэныбжьэгъугъэр зэфІэувэжыну и фІэщ хуэрыкъым Москва къэрал университетым дунейпсо политикэмкіэ и факультетым къэрал зэхуаку шынагъуэншагъэхэмкІэ и кафедрэм и доцент Фененкэ Алексей. Абыкіэ и тегъэщІапІэщ Эрдоган ищІанкІэ хьунур кьызэрпхуэмыщІэнымрэ ар Къухьэпіэм и жьауэм куууэ зэрыщІэтымрэ.

Къухьэпіэр дяпэкІи хущІэкъунущ Тыркымрэ Урысеймрэ зэщІгъэхьэну.

Ауэ Тыркум и закъуэкъым Урысеймк кьызэрыфІэнам кьрикІуахэр зи жаІуэ хьуар:

«ЩэкІуэгъуэ мазэ ныдэлдэрэ Тыркыми дэри ди жагъуэ хьуа Іуэху зыбжанэ екІуэкІащ. Тыркуэзр щыгугъащ урысей кхъуэхьльатэр кьызэрырадыхьан папщІэ Вашингтон къажэуІэпэр». Ауэ абы и пІэкІэ «къайсыуІар» Германиемрэ США-мрэ Курдистанэр зэрыдаІыгъарц. Ди дежи щыжаІэрт православнэ члисэр зэкъуэувэну, ауэ абы и телъхьэу къэувакъым Афинхэри, Софии, Еревани - апхуэдэ лъэбакъуэ ячыну зэрыфІэкъабыльыр кьагъэлъэгъуакъым.

Иджы къэралитІым зэгъусэу ягъэхъэзырауэ щыта проект нэхъыщІхьэм - «тырку унэтІныныгъэм» - теухуауэ. Абыи и кІэкІуэнур белджылыкъым. Ящэ щыкІэ Урысейм и мурадащ Тыркумкіэ зэпрыкІыу Европэм нэсыну, нэгъэзыжу жыпІэмэ, хуейт континентым щищэ газыр езым и кІэлъыплъынныгъэм щІигъэтыну.

Арщхьэкіэ, уеблэмэ, зэщІыеин и пэкІи Анкара кьызыригъэІуащ а бжьамиймкІэ кьакІуэ урысей газ псори Европэм езым зэрырищэнур. НэгъуэщІу жыпІэмэ, Евросоюзым хэт къэрал 28-м газым и гасэхэмкіэ тыркуэкІэ ягурыІуэнущ: газыр реэкспорту щытынущ. Ауэ мис а газым и реэкспортымкІэщ Урысейм Украинэмрэ Белоруссиемрэ зэригъэкъуаншэу щыгъап. А щхьэусыгъуэщІэ «славян зэкъуэшхэр» куэдрэ зэщІыкъэрт. АтІэ иджы Тыркур ныбжьэгъу тхуэхъу- ну?

«Мир новостей».

ПІаІанэпэр зыгъэхъэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.